

Pwotokòl Akò Ant
Komite Lekòl Boston lan Ak
United Steelworkers, Local 2936 (Monitè Bis yo)

Pwotokòl Akò (“Akò”) sa konkli jounen _____ Desanm 2022 ant Komite Lekòl Vil Boston (“Komite a”) ak United Steelworkers (Metalijis Ini yo) nan non Local 2936 (“Sendika” oubyen “Monitè Bis yo”). Akò sa se sou kondisyon epi li sijè ak ratifikasyon manm sendika a, apwobasyon Komite a, ak apwopriasyon adisyonèl ak Konsèy Vil nan Vil Boston nan.

Eksepte nan ka modifikasyon ekspresè Akò sa, tèm ak dispozisyon akò negosyasyon kolektiv pati yo ki an vigè soti 1ye Jiyè 2020 jiska 30 Jen 2022 pral rete plènan an fòs ak an vigè soti 1ye Jiyè 2022 jiska 30 Jen 2025. Sendika a pral rekòmande ak pouswiv ratifikasyon ak apwobasyon Akò a pa manm li yo:

1. Ajisteman Salaryal

a. Ogmantasyon Kou:

- i. An vigè 01/09/22: Ajisteman Mache Covid la (retwoaktif)
- ii. An vigè 01/09/23: 2%
- iii. An vigè 01/09/24: 2%

b. Ajisteman Mache COVID la

- i. To siveyans an vèy: \$17,50 pa è
- ii. To monitè ki atribiye: \$19,00 pa è
 1. Ajisteman to egzekisyon \$2 ogmantasyon pa egzekisyon jiskaske li posib pou direksyon an pase nan salè pa è
 2. Pou apiye tranzisyon nan salè pa è, tout monitè yo pral patisipe nan tout sistèm swivi tan Distri a ap mete an èv yo, ki gen ladan yo, men ki pa limite ak, sistèm kat taktil, sistèm enskripsyon papye ak lòt sistèm swivi tan anplwaye yo.
- iii. Tarif fòmasyon an: \$17,50 pa è
- iv. Tout monitè yo pral resevwa pa mwens pase 1,4 èdtan (26,60\$) salè garanti pa yon ka travay

2. Konje

a. Atik IX, Seksyon 9: siprime lang ki egziste a epi ajoute:

- i. Aprè yo fini avèk siksè peryòd pwobatwa yo, yo pral atribiye a chak monitè de jou pèsònèl. Nan ane aprè yon monitè te konplete avèk siksè peryòd pwobatwa, monitè yo pral resevwa yon jounen pèsònèl nan 1^{ye} Oktòb, ak yon jounen pèsònèl anplis nan 1^{ye} Janvyè. Yo pa kapab pran jounen pèsònèl yo an Septanm oubyen an Jen oubyen imedyatman avan oubyen aprè yon semèn vakans lekòl sof nan ka jesyonè anplwaye yo akòde sa. Jounen pèsònèl yo p ap genyen okenn valè lajan kach epi yo dwe itilize nan ane lekòl yo akòde yo a sinon y ap pèdi.

3. Atribisyon Trajè

- a. **Atik X, Seksyon 4: siprime lang ki egziste a epi ajoute:** Afektasyon Pakou Adisyonèl: Aprè achèvmant apèl d'òf lotòn nan, tout monitè yo pral avize vya messenger lekòl la sou disponiblite pakou adisyonèl la. Pakou adisyonèl yo pral afekte an pèmanans pa delege depatman lekòl la ak monitè yo selon prensip premye arive, premye sèvi. Yo pral swiv menm pwosedi a aprè achèvmant apèl d'òf lete a pou afektasyon pakou adisyonèl yo.

4. Travay nan Wikenn

- a. **Atik X, Seksyon 9: siprime lang ki egziste a epi ajoute:** Divès fèy enskripsyon pral vin disponib nan tout lakou yo jiska 10 AM Vandredi maten pou sila ki enterese ak travay wikenn yo.

5. Kous ki Pèdi

- a. **Atik X, Seksyon 5: siprime lang ki egziste a epi ajoute:** Depi nan mizannèw salè pa è a, pèman pakou ki pèdi a p ap disponib ankò pou monitè yo. Lè yo rekòmande pou chanje yon pake akòz de chanjman nan bezwen elèv yo, pi bonè posib, monitè a pral afekte. Pake yo revize yo pral reflète apèl d'òf orijinal la nan moman pakou a nan mezi kote li ap pwograme nan menm jou travay la epi kenbe trajè AM oubyen PM jan yo te ye nan pake orijinal la, epi pral pati kite menm lakou ak pake orijinal la.
 - i. Pa egzanp, si pakou orijinal la se te AM pati soti Readville nan Lendi-Mèkredi. Nouvo pakou a dwe kite tou Readville nan Lendi-Mèkredi epi genyen sèlman pakou AM yo.
 - ii. Yo kapab pwopoze yon monitè, men li pa rekòmande pou aksepte, pake k ap chanje nan jou pakou yo, ka travay oubyen lokal ekspedisyon.

6. Salè yo

- a. **Atik VI: ajoute yon nouvo lang:** Y ap jije soumisyon pewòl yo pou fwod aprè patwon an fini yon investigasyon epi sa antrene yon rezilyasyon. Pa egzanp, men ki pa limite ak, chache pèman pou travay ke yon monitè pa t fini.

7. Aktivite Sendika

- a. **Atik XI, seksyon 1: ajoute yon nouvo lang:** Responsab sendika yo kapab chache yon konje apwouve pou mennen divès aktivite an rapò ak sendika. Demann konsa kapab fèt aprè Sendika fin prezante yon lis dirijan ki nome ki dezinye dirijan aktyèl yo.

8. Nouvo Atik yo

- a. **Atik XXII: ajoute yon nouvo lang:**
 - i. Se nan responsabilite anplwaye a sèl pou mete ajou enfòmasyon sou kontak yo nan pòtay anplwaye a si li chanje pandan ane lekòl la. Si li pa reyisi mete ajou nouvo enfòmasyon sou kontak yo, sa kapab mennen kote yo pa kontakte yon anplwaye lè vin genyen nouvo pakou ki disponib.
 - ii. Detanzantan, pandan ane lekòl regilye a, yon manm pèsonèl lekòl la kapab afekte kòm yon monitè pou yon elèv espesifik. Apre sa, si elèv sa kite lekòl orijin lan pou nenpòt ki rezon,

monitè pèsònèl lekòl ki afekte ak elèv sa p ap kalifye pou konpansasyon “pakou pèdi” oubyen nenpòt lòt konpansasyon pou monitè ki gen rapò ak elèv ki pa frekante lekòl la ankò. Monitè pèsònèl lekòl la kapab mande pou siveye yon elèv diferan.

- iii. Pèsònèl lekòl ki ap sèvi kòm monitè yo dwe reaplike pou pòs yo a chak ane nan dat komite lekòl la fikse pou sa. Pa genyen okenn garanti ke yon monitè pèsònèl lekòl la pral afekte ak yon elèv patikilye.
- iv. Nan sa ki konsènen pèman jou konje ak jou nèj, monitè bis yo dwe travay jounen avan ak aprè yon jou konje oubyen yon jou nèj pou yo ka peye yo.
- v. Si yon chofè pa disponib, monitè ki afekte ak bis sa dwe sinyale bay lakou a pou kouvri lòt pakou ki pa kouvri yo. Si monitè a pa retounen pou anrejistre bò kote responsab li a, monitè sa p ap touche pou tan li a.
- vi. Monitè yo dwe prezan fizikman nan lye depa a 15 minit avan bis la pati. Avan yo monte nan yon bis, monitè yo gen obligasyon pou verifye lis arè bis yo pou konfime si travay ki afekte ak yo pral fèt nan yon bis kouvèti. Monitè ki pa prezante nan bon bis la oubyen nan bis kouvèti 15 minit avan lè depa bis la kapab soumèt ak divès mezi disiplinè epi yo p ap kalifye ak “pèman movèz koneksyon ” yo nan ka kote bis ki afekte ak yo a oubyen bis kouvèti a kite lakou a san yo menm. Monitè ki rate bis ki afekte ak yo a kapab chache afekte nan yon travay altènativ epi yo pral touche pou travay altènativ ki afekte pou ka travay sa.

9. Konje ki peye pandan vakans lekòl tradisyonèl yo

- a. Monitè ki afekte ak twa oubyen plis pakou yo ak tout monitè rezèv yo pral touche nan to orè rezèv pa è pou minimòm garanti sis (6) èdtan lè lekòl yo nan vakans Livè. Monitè yo pral touche sou kondisyon yo travay nan jou avan vakans lan kòmmanse, epi yo ap tounen lè pakou ki afekte ak yo a rebran jan sa date nan pakou ki afekte a. Lè yo pa reyisi adere ak okenn nan kondisyon sa yo, sa pral antrene okenn pèman adisyonèl pou poz Livè a. Pèman poz livè a ap antre an vigè sou ratifikasyon Akò sa pa Sendika.
- b. Monitè ki afekte ak kat oubyen plis pakou yo ak tout monitè rezèv yo pral touche nan to orè rezèv pa è pou minimòm garanti sis (6) èdtan pou senk (5) jou adisyonèl pou yo pran yo swa Fevriye oubyen poz Avril.
- c. Monitè afekte yo ki ap travay twa oubyen mwens pakou chak jou pral touche lè pou lè nan to pa è rezèv la
- d. Monitè yo kapab chwazi ant semèn vakans Fevriye oubyen Avril yo pou pran senk jou konje peye yo. Monitè yo dwe bay Depatman Transpò BPS la avi sou itilizasyon ki prevwa pou yo jou konje peye yo omwen twa (3) semèn avan vakans Fevriye a. Konje peye ki pa itilize pandan vakans Fevriye ak Avril yo p ap rive repòte, ni peye.
- e. Nan objektif pou kouvri tout pakou monitè yo rekòmande, Transpò BPS pral kenbe yon gwoup aktif ak monitè an rezèv ki ekivalan ak 10% kantite pakou ki rekòmande yo. Si kantite monitè yo enferyè ak 10% tout pakou monitè yo rekòmande, y ap raple monitè yo soti nan konje a an invès ak lòd anyènte.

- f. Monitè ki pa reyisi sinyale lè yo rele yo tounen jan sa dekri an “Paragraf e” p ap touche pandan semèn vakans lan.

10. Jou konje yo

- a. Tout anplwaye Sendika Negosyasyon yo pral touche pou jou konje ki vini an apre yo:
- i. Jounen Martin Luther King
 - ii. Jounen Memoryal
 - iii. Disnèf Jen
 - iv. Jounen Pèp Endijèn yo
 - v. Jounen Ansyen Militè yo
 - vi. Jounen Remèsiman
 - vii. Jounen aprè Remèsiman
 - viii. Nwèl

*Yo akòde jou konje yo ak anplwaye ki genyen yon okipasyon pèmanan.

Pou Metalijis Ini yo, Local 2936 Ekip Asosyasyon:

Gail Titus-Jefferson, Prezidan

Angela Brown, Vis-Prezidan

Lowell Alexander, Reprèzantan Entènasyonal

Pou Ekip Negosyasyon Komite Lekòl Boston nan:

Delavern Stanislaus, Direktè Transpò

Eliza Mina, Konseye Travay

Mary Skipper, Sirentandan